



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 21 MILYON DOLA NAN KONTE MONROE**

*Apatman Hubbard Springs bay 72 kay ki eko-enèjetik epi nan pri abòdab pou moun ak fanmi nan vil Chili, ki genyen ladan yo 11 kay pou moun ki gen andikap fizik*

*Devlopman an ofri apatman ki dirib pou fanmi nan Distri Lekòl ki gen wot pèfòmans*

*Investisman an ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, achèvmman konstriksyon yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 21 milyon dola nan vil Chili nan Konte Monroe. Apatman Hubbard Springs yo bay 72 kay ki eko-enèjetik, ki genyen ladan yo 11 apatman ki rezève pou moun ki gen andikap fizik oswa k ap rekipere apre yon blesi nan sèvo ki kite twomatis. Devlopman an ofri fwaye familyal nan yon kominote dinamik nan Distri Lekòl Santral Churchville-Chili ki gen wot pèfòmans.

"Lojman se yon dwa imen, epi nan New York, n ap pran mezi ki odasye pou asire ke chak moun gen yon kote ki an sekirite, nan pri abòdab ke yo rele lakay yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman nou isit la nan Chili pa sèlman ogmante aksè nan lojman, men li ede nou konstui kominote ki pi divèsifye epi aksesib kote chak moun ka pwospere. "N ap kontinye konfronte kriz lojman an ak pwojè tankou Hubbard Springs k ap ede asire lojman bon kalite nan pri ki abòdab, amelyore lavi rezidan yo, epi ranfòse katye yo,"

Hubbard Springs Apartments fè pati gwo plan Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekite ak pi estab. Gouvènè a te entwodui epi garanti ak siksès, nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, ki pral ogmante rezèv lojman nan kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo., plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Apatman Hubbard Springs yo konpoze ak yon bilding de etaj ki gen 24 apatman ak sis bilding de etaj, yo chak gen uit apatman. Toule sèt bilding ki fèk konstui yo sitiye sou Union Square Boulevard nan vil Chili epi yo lye ak pasaj pou pyeton ak twotwa.

Yo konsidere vil Chili ak vilaj nan North Chili kòm katye ki gen bon opòtinite akòz aksè nan yon distri lekòl ki gen bon pèfòmans ak nivo povrete ki pi ba. Devlopman an sitiye nan fason ki adapte a de kilomèt de sant vilaj North Chili a ki gen famasi, yon biwo postal, magazen, estasyon gaz ak lòt magazen vant an detay, epi Pak Hubbard vil la a sèlman yon kilomèt.

Fonksyon eko-enèjetik yo genyen ladan yo aparèy Energy Star ak limyè LED, fenèt, izolasyon, selaj fuit lè, ak lòt mezi pou amelyore kalite lè andedan an, maksimize konfò rezidan an epi diminye konsomasyon enèji ak depans jeneral yo.

Gen 11 apatman ki rezève pou moun ki gen andikap fizik oswa lezyon nan sèvo ki kite twomatis ki gen aksè nan sèvis sou plas ke Center for Disability Rights, Inc. bay. Yon lòt 11 apatman fèt pou aksesib pou moun ki gen yon defisyans mouvman oswa twoup pou tande/wè.

Rès kay yo se pou fanmi ki gen revni ki nan nivo Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan oswa pi pa pase 70 pousan. Gen 24 apatman yon chanm, 24 apatman de chanm ak 24 apatman twa chanm

Enstalasyon rezidansyèl yo genyen ladan yo yon sal lesiv ak fitnès ki ouvri 24 sou 24, yon sal kominotè ki gen yon ti kizin, yon sal enfòmasyon, ak espas biwo pou founisè sèvis sipò a. Enstalasyon deyò yo enkli yon teren jwèt ki klotire.

Ekip devlopman an genyen ladan I, Rochester's Cornerstone Group, Ltd., ak Bishop Sheen Ecumenical Housing Foundation, Inc.

Finansman Eta a pou Apatman Hubbard Springs yo genyen ladan yo Kredi Enpo federal pou Lojman pou Revni ki Fèb yo ki jenere 10.9 milyon dola kapital ak 6.4 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te angaje plis pase 63,000 dola pou sipò. Anplis, Community Preservation Corporation ap bay yon prè pèmanan 2.8 milyon dola atravè patenarya li ak Fon Retrèt Komen Eta New York la (New York State Common Retirement Fund).

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare,** "Apatman Hubbard Spring yo bay yon opòtinite pou moun ak fanmi ki gen revni ki fèb - ak modere yo pou viv nan pri ki abòdab nan yon kominote k ap pwospere sou plan ekonomik epi ki rich ak resous. Ak 72 apatman ki eko-enèjetik ak enstalasyon ki ekselan yo, nouvo rezidan Hubbard Springs yo ap benefisye de yon distri lekòl ki solid, lwazi ki toupre, ak aksè fasil nan komès detay ak lòt sèvis yo. Anplis, onz moun ki gen andikap fizik ap gen sipò yo bezwen pou viv nan fason ki endepandan nan yon kad

ki konfòtab. Nan patenarya ak Cornerstone Group ak Sheen Housing Rochester a, n ap fè Chili yon kote ki pi enklizif, pi bon mache e menm yon pi bon kote pou viv."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Apatman Hubbard Springs yo ap bay fanmi ki vilnerab nan Konte Monroe yo aksè ki ogmante nan lojman nan pri abòdab ki genyen ladan yo sèvis sipò ki enpòtan anpil ak ekonomi sou depans enèji ak konfò ke yon kay ki efikas anpil sou plan enèji bay. Eta a angaje pou diminye emisyon danjere nan tout eta a pandan l ap asire ke tout Nouyòkè yo benefisye de tranzisyon nan direksyon enèji pwòp la nan fason ki ekitab."

**Kontwolè Eta a, Thomas P. DiNapoli, te deklare,** "Devlopman Hubbard Springs la se yon bagay ki ajoute ki byenvini nan kominote Rochester a, k ap bay lojman ki bay sipò epi nan pri abòdab ki nesese anpil pou Nouyòkè ki gen enfimite yo. Mwen rekonesan ke fon pansyon eta nou an ka investi nan pwojè tankou sa epi bay yon retou ki sekirize pou manm li yo, men ki benefisye kominote New York yo tou. Mwen pa ka tann kolaborasyon kontini nou ak Community Preservation Corporation ak administrasyon Gouvènè Hochul la pou kreyasyon nouvo lojman ak lojman nan pri abòdab pou Nouyòkè yo."

**Senatè Eta a Edward Rath III, te deklare,** "Ofri bon jan kalite opsyon lojman pou tout moun, nan kominote nou an, enpòtan anpil. Mwen kontan pou wè devlopman sa yo k ap fèt nan Chili."

**Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare,** "Lojman se yon dwa imen debaz epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire lojman ki sekirize, estab pou fanmi nou yo. Lojman se swen sante, lojman se opòtinite ekonomik. Apatman Hubbard Springs yo ap bay fanmi nou yo tout bagay sa yo ak plis toujou - ki enkli 11 apatman ki rezève pou moun ki gen andikap fizik oswa k ap rekipere apre yon lezyon nan sèvo ki kite twomatis. Mwen fyè pou m wè devlopman sa nan Vil Chili. Mèsi a Rochester's Cornerstone Group, Ltd., ak Bishop Sheen Ecumenical Housing Foundation, Inc. dèske yo ouvri pòt nan pwojè enpòtan sa."

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare,** "Aksè nan yon kote ki an sekirite, ki sekirize, bon kalite epi ki nan pri abòdab pou rele lakay se yon poto mitan pou estabilite ak kalite lavi pou moun ak fanmi yo. Pwojè tankou Hubbard Springs ede rann kominote nou yo pi solid. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la dèske yo rann pwojè sa posib, ak Cornerstone Group Rochester ak Bishop Sheen Ecumenical Housing Foundation dèske yo investi isit la nan Konte Monroe."

**Sipèvizè Vil Chili, David Dunning, te deklare,** "Lojman bon kalite, nan pri abòdab se yon eleman esansyèl pou yon kominote ki solid. Lè ou genyen yon kote ki an sekirite, nan pri abòdab pou rele lakay ou, se yon dwa fondamantal pou tout moun. Nou akeyi moun ki pral rele Chili lakay yo nan pa lontan."

**Responsab Ipotèk nan Community Preservation Corporation, Miriam Zinter te deklare,** "Sa etonan pou wè transfòmasyon sit sa epi pou konnen ke lojman n ap selebre jodi a ap yon pwon ankray pou kominote a pou deseni k ap vini yo. 72 apatman nan pri abòdab yo ap bay rezidan yo, ki enkli sila yo k ap rekipere de yon lezyon nan sèvo ki kite twomatis, estabilite ak opòtinite pou konstui pi bon avni pou tèt yo. Nou tèlman fyè pou ede finanse yon pwopriyete ki nan pri abòdab epi ki efikas sou plan enèji, k ap pote kay ki pi sen, dirab nan kominote Chili a. Remèsiman mwen ale bay Rochester's Cornerstone Group, Bishop Sheen Ecumenical Housing Foundation, Center for Disability Rights, ak Kontwolè DiNapoli ak patnè nou yo nan Fon Pansyon Eta a".

**Direktè Konsèy Administrasyon Bishop Sheen Ecumenical Housing Foundation, Inc., Kevin LoCicero te deklare,** "Sheen Housing onore pou patenarya kontini li ak Rochester's Cornerstone Group pou bay lojman ki an sekirite epi nan pri abòdab pou kominote nou an. Angajman pwofon ak envestisman nou nan devlopman opsyon lojman ki an sekirite, nan pri abòdab pa janm pi evidan ke isit la nan Hubbard Springs kote rezidan yo gen aksè nan lojman dekalite, estab."

**Prezidan Rochester's Cornerstone Group, Roger W. Brandt, Jr. te deklare,** "Rochester's Cornerstone Group fyè pou devlope Apatman Hubbard Springs yo, ansanm ak ko-devlopè nou nan Sheen Housing, nan Vil Chili. Vil la te akeyi plizyè devlopman Conerstone depi plizyè ane epi Hubbard Springs ap ajoute sou opsyon lojman divèsifye Chili yo. Conerstone kontan anpil pou selebre ak patnè nou yo ak fondatè nou yo ki te ede konplete devlopman sa."

**Direktè Jeneral nan Bank Devlopman Kominotè, Chase, David Walsh te deklare,** "Li pasyonan pou nou wè ouvèti Apatman Hubbard Springs pou bay rezidan Chili yo lojman ki an sekirite, estab, epi nan pri abòdab. Nou fyè pou travay ak lidè lokal tankou Rochester's Cornerstone Group ak Bishop Sheen Ecumenical Housing Foundation, Inc., ki angaje nan devlopman kominotè ak kreyasyon lojman nan pri abòdab nan zòn kote sa nesesè."

### **Pwogram Akselerasyon Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)